**दिन–गुरूवार** **दिनांक–03.09.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राज्य मे बाढ़िक स्थिति गंभीर बनल अछि। जल संसाधन विभाग गंगा नदीक जलस्तर मे तेजी सँ भऽ रहल वृद्धि के आशंका के देखैत पटना सहित आठ जिला मे चेतावनी जारी कयलक अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे पटनाक गांधी घाट पर आइ राति आ मोकामाक हाथीदह मे काल्हि दुपहर धरि गंगाक जलस्तर बाढ़िक उच्चतम स्तर के पार कऽ सकैत अछि। एहि के देखैत पटना, बेगूसराय वैशाली, भोजपुर, सारण, नालंदा,, लखीसराय आ जहानाबाद जिला मे नदी कात आ निचुलका इलाका सभ मे रहऽबला लोक सभ के सतर्क रहबाक आ कोनहुँ प्रकारक जोखिम नहि लेबाक अपील कयल गेल अछि। विभाग कोनहुँ आपात स्थिति मे राज्य आपातकालीन संचालन केंद्रक हेल्पलाइन नम्बर – **एक शून्य सात शून्य** पर तत्काल संपर्क करबाक सलाह देलक अछि।

---

एम्हर, मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ पटना मे गंगा नदीक बढ़ैत जलस्तर के निरीक्षण कयलनि। ओ बाढ़िक स्थिति के देखैत अधिकारी लोकनि के आवश्यक दिशा–निर्देश देलनि। उपमुख्यमंत्री सह–जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी वीडियो कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ बाढ़ि प्रभावित जिला सभक स्थिति के समीक्षा कयलनि आ तटबंध सभक अवलोकन सेहो कयलनि। एम्हर, हमर संवाददाता लोकनि जनौलनि अछि जे सोन, पुनपुन, दरधा, घाघरा, गंडक, बूढ़ी गंडक आ कोसी नदीक जलस्तर मे लगातार भऽ रहल वृद्धि के कारणे निचुलका इलाका सभ मे बाढ़िक पानि पसरि रहल अछि। पटना, वैशाली, भागलपुर, कटिहार, रोहतास आ औरंगाबाद सहित कतेको जिला बाढ़िक चपेट मे आबि गेल अछि। जल संसाधन विभागक दिस सँ बाढ़ि प्रभावित इलाका सभ मे युद्धस्तर पर बाढ़ि निरोधात्मक काज चलाओल जा रहल अछि। ओतहि, जिला प्रशासनक दिस सँ बाढ़ि प्रभावित लोक सभक मध्य राहत आ बचाव काज सेहो जारी अछि।

---

राज्य मे मॉनसूनक प्रभाव सँ लगातार वर्षा भऽ रहल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान पूर्णिया, बांका, भोजपुर आ पटना जिला मे किछु ठाम भारी बर्खा रिकॉर्ड कयल गेल। सभ सँ बेसी अंठानवे दशमलव छओ मिलीमीटर वर्षा पूर्णियाक भवानीपुर मे दर्ज कयल गेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे आइ अररिया, किशनगंज आ सीवान जिला मे भारी वर्षा हेबाक संभावना अछि। ओतहि, राज्यक कतेको इलाका मे अन्हर आ ठनकाक चेतावनी सेहो जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ कर्नाटक के बेंगलुरु मे तीन दिवसीय बिहार महोत्सव दू हजार छब्बीसक उद्घाटन एखन सँ किछु काल बाद करताह। एहि दरमियान आध्यात्मिक गुरु श्रीश्री रविशंकर सेहो उपस्थित रहताह। विकसित भारत–समृद्ध बिहारक संदेशक संग आयोजित भऽ रहल एहि महोत्सव मे राज्यक समृद्ध विरासत, लोक कला आ सांस्कृतिक प्रदर्शन कयल जाएत। समारोह मे आधुनिक आ प्रगतिशील बिहारक झांकी सेहो प्रस्तुत कयल जायत।

———————————————————————

जनता दल यूनाइटेड पांच सितम्बर सँ नीतीश संवाद अभियान के शुरुआत करत। पार्टीक कार्यकारी अध्यक्ष संजय कुमार झा जनौलनि जे ई अभियान बक्सर सँ शुरू होयत। ओ जनौलनि जे अभियानक अंतर्गत फरक्का बराज आ फरक्का जलसंधि सँ राज्य के होबयबला नोकसानक प्रति आम लोक सभ के जागरूक कयल जायत।

———————————————————————

स्वास्थ्य मंत्री निशांत आइ मुजफ्फरपुर के एसकेएमसीएच परिसर स्थित टाटा कैंसर अस्पताल मे बारह बेडक आईसीयू के उद्घाटन कयलनि। एहि अवसर पर ओ कहलनि जे आबऽ बला समय मे अस्पताल के आओर विकसित कयल जायत, जाहि सँ कैंसर मरीज सभ के नीक इलाजक लेल दोसर ठाम रेफर करबाक आवश्यकता नहि पड़य।

———————————————————————

राज्य मे अनुदानित माध्यमिक, उच्च माध्यमिक विद्यालय आ डिग्री कॉलेज सभक शिक्षक आ शिक्षकेत्तर कर्मी लोकनि के आब अनुदानक राशि सोझै हुनक बैंक खाता सभ मे पठाओल जायत। शिक्षा विभागक अनुसार ई राशि पद आ पात्रता के आधार पर निर्धारित नियमक अनुसार कयल जायत आ आरटीजीएस अथवा आन डिजिटल माध्यम सँ भोगतान

होयत। विभागक अनुसार नव व्यवस्था सँ अनुदान वितरण मे पारदर्शिता बढ़त आ भोगतान मे देरी अथवा अनियमितता पर रोक लागत।

---

ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार आइ शिवहर के पुरनहिया प्रखंड मे कतेको विकास योजना सभक उद्‌घाटन कयलनि। ओ बसंत जगजीवन पंचायत मे श्री किशोर प्रभात पुस्तकालय आ अदौरी पंचायत मे जीविका दीदी सभक सिलाई घरक उद्‌घाटन कयलनि। अदौरी बाजार मे मंत्री भूमिहीन लाभार्थी सभ के बासगीत पर्चा आ विकसित भारत–जी राम जी जॉब कार्ड बाटलनि। संगहि श्री कुमार पुरनहिया प्रखंडक चारि सय बासठि जीविका स्वयं सहायता समूह सभ के बैंक क्रेडिट लिंकेज के अंतर्गत पांच करोड़ पचासी लाख चौवालीस हजार पांच सय टाकाक डमी चेक प्रदान कयलनि।

---

कटिहार जिलाक बीस मॉडल विद्यालय सरस्वती विद्या निकेतन मे उत्तम शिक्षाक लेल बीस अधिकारी लोकनि के जिम्मेदारी सौंपल गेल अछि। अधिकारी सप्ताह मे एक दिन अपन–अपन स्कूल मे बच्चा सभक क्लास लेताह, हुनक प्रदर्शनक आकलन करताह आ विद्यार्थी लोकनि के नीक प्रदर्शन करबाक लेल प्रेरित करताह।

अररिया जिलाक विभिन्न थाना क्षेत्र मे पुलिस छापामारी कऽ मादक पदार्थ आ हथियारक संग सोलह अभियुक्त के गिरफ्तार कयलक अछि।

---

समाप्त